



OFFICE OF THE MAYOR
DANIELLA LEVINE CAVA

PWOPOZISYON BIDJÈ 2022-2023 KONTE A ORÈ ODYANS PIBLIK YO

Odyans piblik sou bidjè a se yon chans pou ou fè tandè vwa w ak di ofisyèl ki eli yo rezon ki fè bidjè Konte sa a enpòtan pou ou. Vini bay kòmantè piblik nan dat:

JEDI 8 SEPTANM

A 5:00PM

STEPHEN P. CLARK CENTER
111 NW 1ST STREET, MIAMI, FL 33132

MADI 20 SEPTANM

A 5:00PM

STEPHEN P. CLARK CENTER
111 NW 1ST STREET, MIAMI, FL 33132

Pou w patisipe kòm yon oratè piblik, ou dwe enskri nan biwo vizitè a, bay yon pyès idantite avèk foto, epi ranpli yon kat oratè. Aprann plis nan miamidade.gov/budgethearings.

Pou demann materyèl nan fòm aksèsib, entèprèt lang siy, Sèvis CART ak/oswa nenpòt aranjman pou w patisipe nan kèlkeswa pwogram oswa reyinyon Konte a patwone, tanpri kontakte Theresa Masson - pa imel nan commsinfo@miamidade.gov oubyen pa telefòn nan 305-375-1545 - senk jou davans _ pou w kòmanse demann ou an.





Nou vle wè **OU** nan odyans piblik sou Bidjè a! Pou asire ke rezidan yo ka patisipe avèk fasilite, Konte nou an ap fè plis aranjman soti nan orè transpò piblik pwolonje rive nan sekirite.

Transpò

Transpò Piblik

Miami-Dade Transit va pwolonje sèvis Metrorail ak Metromover yon èdtan apre fen odyans sou bidjè a. Va gen yon tren ki va pran direksyon nò epi yon tren ki va pran direksyon sid ki va kite Estasyon Government Center a si odyans piblik la fini apre lè sèvis nòmal (minui).

Enstalasyon pakin Metrorail yo va rete louvri tou pou pi piti yon èdtan apre dènye tren yo kite Estasyon Government Center a.

Pakin

Pakin enteryè annapre yo va bay plis pakin pandan odyans sou bidjè a:

- **Miami-Dade Cultural Center Parking Garage** - 50 NW 2nd Avenue
- **Hickman Garage** - 270 NW 2nd Street
- **West Lot Garage** - 220 NW 3rd Street

Sekirite

Pou sekirite w

Li obligatwa pou tout piblik ki ap patisipe epi anlwaye Konte yo tcheke nan sekirite. Nou va tabli sekirite a nan antre lòbi Stephen P. Clark Center.

Manje ak Rafrechisman

Bottega Grill Café ki nan premye etaj SPCC a va rete ouvè pou piblik la jiska 9pm.